**दिन–मंगलवार** **दिनांक–21.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकतांत्रिक मूल्यक के संरक्षित आओर सुरक्षित बनेबाक संकल्पक संग पीठासीन अधिकारी सभक पचासीम अखिल भारतीय सम्मेलन आइ पटना मे सम्पन्न भऽ गेल। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान जनौलनि जे पीठासीन अधिकारी सभ लोकतांत्रिक संस्थाक सरक्षकक रूप मे पैध जिम्मेदारी निभा रहल छथि। श्री खान विधासभा म आयोजित अखिल भारतीय पीठासीन अधिकारी सभक पचासीम सम्मेलनक समापन सत्र के सम्बोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे लोकतंत्रिक मूल्यक हरेक स्थिति मे रक्षा कयल जयबाक चाही राज्यपाल जनौलनि जे संसद आओर विधान मंडलक गरीमा पर आक्षेप देश आओर लोकतंत्र पर हमला अछि। ओ जनौलनि जे भारतीय संविधन मात्र एक दस्तावेज नहि अछि। अपितु एक राष्ट्रीय आदर्श अछि। ओतहि, लोकसभा अध्यक्ष ओम विरला विधायी निकायक बढ़िया आ निक बहल आओर चर्चाक स्थान बनाबय पर जोर देलान। श्री बिरला जनौलनि जे प्रतिनिधि सभ संवाद आओर बहल के बढ़ावा देबाक संकल्प जनौलनि।

---

श्री बिरला जनौलनि जे दू दिवसीय सम्मेलन बेसी बढ़िया रहल किएककि सभ प्रतिनिधी विधायी निकायक उत्पादकता अओर जिम्मेदारी बढ़ाबय पर जोर देलनि। अध्यक्ष जनौलनि जे पीठासीन अधिकारी सभ लोकसभहक निक सँ सेवा कर आओर हुनका लोकनिक उम्मीद पर खरा उतरबाक लेल नव तकनीक आओर कौशल अपनाबय पर जोर देलनि।

---

दू दिवसीय सम्मेलनक बीच पांच संकल्प पारित कयल गेल। ई सम्मेलन मे देश भरिक तैइस विधानमंडलक एकतालीस पीठासीन अधिकारी सभ भाग लेलनि। समापन सत्रक बीच राज्यसभक उप–सभापति हरिवंश नारायण सिंह, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, मंत्री श्रवण कुमार विधानसभाक उप सभापति नरेन्द्र नारायण यादव सेहो छलाह।

---

प्रयागराज मे चलि रहल महाकुंभ नगरी मे त्रिवेणी मार्गक सुसज्जित संविधान गैलरी लोकसभ के आकर्षित कऽ रहल अछि। ई गैलरीक स्थापनाक उद्देश्य लाखों आगंतुक सभ के संविधानक निर्माता कार्यान्वयन आओर अनुच्छेदक जनतब देबय अछि। एम्हर, सहरसाक मत्सयगंधा झीलक वैदेही काल संग्रहालय द्वारा कुंभ नगरीक कलाग्राम मे दुर्लभ संगी वाद्ययक प्रर्दशनी लगाओल गेल अछि। एतय प्रदर्शित दू सय एकाबन वाद्य यंत्र के देखबाक लेल श्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़ि रहल अछि।

---

बिहार विधानसभा मे विराधी दल राजदक मुख्य सचेतक अख्तरूल इस्लाम शाही रालोजपा उपध्यक्ष पशुपति कुमार पारसक महागबंधन मे मिलबाक संकेत देलनि अछि। समस्तीपुर मे संवाददातासभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे पार्टी अध्यक्ष लालू प्रसाद संग श्री पारसक एहि लेल गपशप चलि रहल छनि।

---

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ढंढ़ा आओर कुहेस सँ लोकसभ के कठिनाई भऽ रहल छनि। उत्तर–पछिया हवा चलला सँ कनकनी बढ़ि गेल अछि। एम्हर राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आओर उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम घनगर कुहेसक स्थिति बन अछि। जाहि सँ सड़क, रेल आओर हवाई यातायात पर असरि परल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिन धरि मौसम मे कोनो खास बदलि नहि होयत। एहि बीच राज्यक बेसी क्षेत्र मे घनगर सँ अति घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि।, एहि लेल औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच औरंगाबाद राज्यक सभ सँ बेसी ढंढ़ा स्थान रहल जतय न्यूनतम तापमान छओ दशमलव सात डिग्री सेल्सियस रहल। ओतहि, ओपालगंज आओर मोतिहारी जिला मे शीतदिवसक बनल रहल।

---

एम्हर, राज्यक कतेको भाग मे शीत दिवसक कारण प्रशासन बचाबक उपाय शु कऽ देलक अछि। गोपालगंज, पूर्वी चंपारण आओर पटना जिला प्रशासन आठम कक्षा धरिक सभ विद्यालय मे पठन–पाठन के तेईस जनवरी धरि बंद करबाक लेल जनौलक अछि। संगहि एहि बीच आंगनबाड़ी केन्द्र सेहो बंद रहत। ओतहि, नओ सँ बारहम कक्षा धरिक विद्यालय भोर नओ बजे सँ अपराह्न साढे तीन बजे धरि चलत।

---

मधुबनी जिलाक जयनगर मे एसएसबीक जबानसभ भारत–नेपाल सीमा लग एक संदिग्ध के भारत आओर नेपालक जाली टाकाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त